



Pou Piblikasyon Imedya: 16/12/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE NOMINASYON YO NAN GWROUP TRAVAY SOU REDIKSYON SÈL NAN WOUT ADIRONDACK LA

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a nominasyon yo nan Gwoup Travay sou Rediksyon Sèl nan Wout Adirondack la. Gwoup travay sa a pral prezide pa Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation, DEC) ak Depatman Transpò (Department of Transportation, DOT) epi Depatman Sante (Department of Health, DOH) a pral yon manm.

"Pwoteje anviwònman nou an se yon gwo priyorite pou administrasyon mwen an epi yo t ap tann nominasyon yo nan gwoup travay sa a depi lontan", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Mwen pa gen dout ke gwoup moun sa a yo pral travay san pran souf pou pwoteje eta nou an kont efè negatif sèl sou wout yo. Nou pa ka tann pou nou wè gwoup sa a finalman reyini epi fè pwogrè nan anpeche plis polisyon nan vwa navigab nou yo ak nan anviwònman nou an."

Kandida Gouvènè Hochul yo enkli:

Megan Phillips resevwa yon MS (Metriz) nan Jesyon Resous Dlo ak yon BA (Diplòm Lisans) nan Biyoloji Konsèvasyon nan Cornell University. Ansyènman yon Konseye Prentipal an Tèm Politik pou Enèji ak Anviwònman pou Chanm Egzekitif la, kounye a Megan se Vis Prezidan pou Konsèvasyon nan Konsèy Adirondack la. Megan te okipe tou pozisyon nan Depatman Deta (Department of State, DOS) Eta New York, Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal, Biwo Pak, Lwazi ak Prezèvasyon Istorik Eta New York la (New York State Office of Parks, Recreation and Historic Preservation), Asosiyasyon Basen Vèsan nan pati Nò Sugar River, ak University of Wisconsin - Madison Center for Limnology nan wòl ki konsantre sou anviwònman an.

Dr. Daniel Kelting resevwa yon PhD (Doktora) nan Sòl Forestye ak yon MS nan Forestye nan Virginia Polytechnic Institute ak State University, yon BS nan Jesyon Resous Forestye nan Syans Anviwònmanal ak Forestry SUNY, ak yon AAS (Asosye an Syans Aplike) nan Teknoloji Forestye nan SUNY Ranger School. Doktè Kelting kounye a se Vis Prezidan Rechèch ak Pwofesè Syans Anviwònmanal nan Kolèj Paul Smith kote li te okipe tou pòs Ofisye Relasyon Gouvènman an, Dwayen Pwovizwa School of Natural Resources Management and Ecology (Lekòl Jesyon Resous Natirèl ak Ekoloji), ak Direktè Egzekitif Adirondack Watershed Institute.

Joe Martens gen yon MS nan Jesyon Resous nan Syans Anviwònman ak Forestye SUNY e li etidye ekonomi resous nan University of Massachusetts nan Amherst. Joe Martens, kounye a se Direktè New York Offshore Wind Alliance. Anvan sa, li te yon Atache Siperyè nan Open Space Institute, Komie Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal Eta New York, Prezidan Open Space Institute, Vis Prezidan Egzekitif Open Space Institute, Sekretè Adjwen pou Enèji ak Anviwònman Gouvènè Mario Cuomo, Prezidan Konsèy Otorite Devlopman Rejyonal Olenpik (Olympic Regional Development Authority), Prezidan Kòporasyon Etablisman Anviwònmanal (Environmental Facilities Corporation), e li te syeje nan konsèy Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta New York (New York State Energy Research and Development Authority, NYSERDA).

Doktè Kristine Stepeneck resevwa yon PhD nan Anviwònman ak Resous ak yon MS nan Resous Natirèl nan University of Wisconsin ak yon BS nan Jesyon Resous Akwatik nan University of New Hampshire. Dr Stepeneck se kounye a Pwofesè Asosye an Vilgarizasyon nan Syans Basen Vèsan, Politik ak Edikasyon nan Rubenstein School of Environment and Natural Resources, University of Vermont; Direktè Asosye ak Lidè Pwogram Vilgarizasyon aktyèl Sibvansyon Maritim Lake Champlain lan; ak Ko-Prezidan Gwoup Konsiltatif Piblik aktyèl Komisyon Konjwen Entènasyonal la, Etid sou Inondasyon Lake Champlain-Richelieu River. Nan wòl anvan yo, Doktè Stepeneck te Manadjè Basen vèsan pou Konsèy Kowòdinasyon Zòn Macatawa nan Holland, Michigan ak Enstriktè Konsèvasyon Sòl ak Envantè Basen Versan nan University of Wisconsin.

Prezidan Tanporè Kandida Sena a yo enkli:

Philip Sexton resevwa yon MLA (Metriz an Atizay ak Etid Liberal) nan Dirabilite ak Jesyon Anviwònmanal nan Harvard University, yon BS nan Biznis, Jesyon ak Ekonomi nan SUNY Empire State College, ak yon AAS nan Agrikilti nan SUNY Morrisville State College. Philip se Fondatè ak Direktè Jeneral aktyèl WIT Companies epi li se yon Pwofesè Adjwen tou nan Depatman Syans Izin nan SUNY Cobleskill.

Robert J. Kafin resevwa yon JD nan Harvard Law School ak yon AB nan Franklin & Marshall College. Kounye a Patnè Direktè Prensipal ak Konseye Jeneral nan Proskauer Rose ak Prezidan Konsèy Anviwònman Vil Nouyòk la, Robert te deja sèvi kòm Konseye Sena Eta New York ak Jij Vil pou Vil Glens Falls.

Kandida pou Pòt Pawòl yo ekli:

Brittany Christenson resevwa yon BS nan Matematik nan Carroll College. Kounye a, Brittany ap sèvi kòm Direktè Egzekitif ADKAction e li te deja Direktè Prensipal pou Fledging Crow Farm nan Keeseville, NY.

Gerald Delaney se aktyèl Direktè Egzekitif Konsèy Revizyon Gouvènman Lokal Adirondack Park, kote li te deja sèvi kòm Prezidan Konsèy la. Gerald ap sèvi tou nan Konsèy Administrasyon Asosiyasyon Vil ak Vilaj Adirondack epi li se Konsèy

Administrasyon Vil Saranac, NY. Gerald gen anpil eksperyans nan endistri forestye ak agrikòl.

Lidè minorite Kandida Sena a se:

Kevin J. Hajos, PE, gen yon BS nan Jeni Sivil ak Anviwònmantal nan Clarkson University ak yon AS nan Jeni Sivil nan Hudson Valley Community College. Kounye a, Sirentandan Travo Piblik pou Konte Warren, NY, Kevin te deja okipe wòl Adjwen Siprentandan Travo Piblik pou Konte Warren; Enjenyè Sivil Prensipal pou Konte Warren; epi kòm Manadjè Pwojè ak Enjenyè pou Clough Harbour and Associates.

Lidè Minorite Kandida Asanble a se:

Tracy J. Eldridge - Tracy J. Eldridge se aktyèl Sirentandan Otowout Konte Hamilton epi li se yon Prezidan Komite Asosyasyon Sirentandan Otowout Eta New York. Tracy te deja Prezidan Asosyasyon Sirentandan Otowout Konte Eta New York epi li te travay nan Divizyon Konstriksyon, Antretyen ak Jeni Rejyon Nòdès International Paper Company an.

Senatè Tim Kennedy te deklare, "Avanse nominasyon sa yo se yon gwo etap pou ekipe Gwoup Travay sa a pou li reyini epi finalman asire n ap pwoteje vwa navigab Adirondack nou yo epi bay priyorite rediksyon sèl nan wout la. Nou konnen lè nou pran mezi kounye a, n ap prezève ekosistèm nou yo ak bèt sovaj nou yo pou jenerasyon k ap vini yo. Panèl ekspè sa a gen eksperyans ak konesans pou akselere pwogram pilòt enpòtan sa a yon fason efikas, epi mwen anvi wè yo rasanble pi vit jan sa posib."

Manm Asanble Billy Jones te deklare, "Sèl nan wout la deja lakòz domaj irevokab nan anviwònman ak nan vwa navigab nou yo, kontamine rezèv dlo potab pou pwopriyetè kay pandan twò lontan. Se yon bon nouvèl ke Gouvènè a te apwouve nominasyon yo nan gwoup travay sou rediksyon sèl nan wout Adirondack la pou eta a kapab aplike yon plan pilòt ak pwogram tès. Tout moun gen dwa pou yo jwenn dlo pwòp e se poutèt sa mwen fyè dèske m te ekri pwojè lwa ki te kreye gwoup travay sa a. Dlo potab ki kontamine akòz sèl nan wout la te yon pwoblèm pou pwopriyetè kay yo atravè North Country ak rejyon Adirondack la pandan twò lontan epi gwoup travay sa a pral finalman kapab rezoud pwoblèm sa a."

###

ANILE ENSKRIPSYON OU